

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Basa nyaéta alat pikeun komunikasi jeung papada jalma séjén. Ari médium nu dipakéna bisa lisan bisa tulisan. Komunikasi basa lisan dipilampah maké lambang sora omongan, ari komunikasi basa tulisan dipilampah maké lambang aksara.

Prosés komunikasi basa enas-enasna nepikeun amanat ngaliwatan basa ti pangirim ka panampa. Éta amanat téh baris nepi ka panampa upama pangirim maké basa anu bener tur merenah. Basa Sunda anu bener nyaéta basa Sunda anu dipakéna luyu jeung aturan (kaédah) basa anu baku kayaning fonologi, tata basa, semantik, éjahan, jsté; ari basa Sunda anu merenah nyaéta basa Sunda anu dipakéna luyu jeung tujuan katut kontéks situasi makéna atawa pragmatik (Sudaryat, 2003:121).

Basa Sunda mangrupa basa indung pikeun urang Sunda, boh anu mangkuk di Jawa Barat boh anu aya disaluareunana. Jumlah panyaturna réa, malah kaasup basa daérah kadua panggédana di Indonésia sabada basa Jawa.

Basa Sunda anu nyampak ayeuna téh mangrupa hasil tina kamekaran sapanjang masa. Éta kamekaran téh ditangtukeun ku kahirupan budi akal urang Sunda anu kapangaruhan ku suasana, tempat, jeung waktu (Prawirasumantri, 1992:12).

Kiwari basa Sunda miboga kalungguhan jadi basa daérah nu masih dipiara tur dipaké ku masarakatna. Ku kituna, hirup-huripna basa Sunda ogé ditangtayungan ku nagara. Luyu jeung UUD 1945, Bab XV, penjelasan Pasal 36, nu unina nyaéta:

Di daerah-daerah yang memiliki bahasa sendiri, yang dipelihara oleh rakyatnya dengan baik-baik (misalnya Jawa, Sunda, Madura, dan sebagainya, bahasa-bahasa itu pun dihargai dan dipelihara oleh negara.

Élmu anu nalungtik ngeunaan basa téh nyaéta linguistik. Salah sahiji sélér linguistik nyaéta sosiolinguistik. Sosiolinguistik nyawang basa salaku sistem sosial jeung sistem komunikasi nu mangrupa bagian tina masarakat jeung kabudayaan. Nurutkeun Suwito (1983:4), sosiolinguistik nyaéta:

Studi tentang sifat-sifat khusus (karakteristik) variasi basa, sifat-sifat khusus fungsi bahasa dan sifat-sifat khusus pemakaian bahasa dalam jalinan interaksi serta perubahan-perubahan antara ketiganya di dalam masyarakat tuturnya.

Ditilik tina cara makéna, basa Sunda mibanda sababaraha variasi, nyaéta variasi géografi anu ngabalukarkeun ayana géografi dialék. Ari dialék téh aya sababaraha rupa, nyaéta: (1) dialék sosial, (2) dialék témporal, (3) dialék régional atawa géografis, jeung (4) dialék lokatif.

Mékar jeung tumuwuhna basa dialék dipangaruhan ku rupa-rupa faktor, saperti faktor kabasaan, faktor luareun basa, kaayaan alam, batas-batas pulitik, ékonomi, patukeurna budaya jeung cara hirup masarakat hiji wewengkon. Ku lantaran pangaruh faktor anu disebutkeun di luhur, dina ngamekarkeunana basa dialék téh bisa ngalaman dua kamungkinan parobahan. Kahiji bisa jadi basa dialék robah jadi basa lulugu, kadua bisa leungit sama sakali.

Dumasar kana éta hal, anu nyebutkeun yén ayana kamungkinan hiji basa dialék leungit atawa tilem lantaran kasilih ku basa lulugu atawa bisa jadi ku basa Indonésia.

Basa Sunda dialék Suradé mangrupa cicirén atawa idéntitas masarakat Suradé, anu ngabédakeun jeung masarakat lainna. Ieu basa dialék mangrupa karagaman basa Sunda anu perlu dipiara jeung mangrupa kareueus pikeun masarakat Suradé. Ieu panalungtikan medar ngeunaan kamekaran basa Sunda dialék Suradé, naha éta basa dialék téh masih kénéh dipaké atawa henteu.

Salah sahiji tarékah miara jeung mekarkeun basa Sunda téh nyaéta ngaliwatan pangajaran basa Sunda di lingkungan kulawarga jeung sakola-sakola. Tujuanana sangkan siswa wanoh jeung mahér maké basa Sunda. Salah sahijina nyaéta ngaliwatan pangajaran maca. Maca bisa ngarangsang otak siswa pikeun nginget kandaga kecap anu aya dina bacaan. Bahan bacaanna maké dialék anu dipaké di daérahna.

Peranan basa Sunda kiwari kurang dibandingkeun jeung basa Indonésia salaku basa ‘pengantar’ di sakola-sakola, sabab maké basa Indonésia karasa leuwih ‘gaul’ ku barudak sakola. Barudak geus poho kana basa Sunda nu hadé dina kahirupan sapopoéna. Dumasar kana éta hal, ngamumulé basa Sunda di lingkungan kulawarga jeung sakola kacida pentingna pikeun numuwuhkwun kacinta jeung kareueus barudak sakola kana basa Sunda.

KTSP minangka singgetan tina Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan, anu kiwari dipaké salaku pedoman di sakola-sakola nu jadi cecekelan pikeun guru dina prosés kagiatan diajar-ngajar. Wangenan KTSP sorangan nyaéta *kurikulum operasinal yang disusun, dikembangkan, dan dilaksanakan oleh setiap satuan pendidikan dengan memperhatikan standar kompetensi dan kompetensi dasar yang dikembangkan Badan Standar Nasional Pendidikan (BNSP)*.

Fungsi basa téh pikeun komunikasi, tegesna keur nepikeun eusi pikiran, rasa kahayang, jeung sarupaning pamaksudan ka nu lian ku sistem lambang sora anu arbitrér. Jadi, tujuan pangajaran basa anu kudu kahontal nyaéta sangkan siswa mahér tur bisa maké basa Sunda, kayaning maca, nulis, nyarita jeung ngaregepkeun luyu jeung kamampuh atawa kompeténsi anu tilu téa kayaning kamahéran atawa kaparigelan basa (psikomotor), kaweruh atawa pangaweruh basa (kognitif), jeung sikep kana basa (aféktif).

Kalungguhan basa Sunda salaku basa daérah mibanda fungsi atawa pancén: (1) lambang kareueus daérah; (2) lambang idéntitas (jatidiri) daérah; (3) pakakas gaul di lingkungan kulawarga jeung masarakat daérah; (4) basa panganteur di sakola dasar ti mimiti kelas I nepi ka kelas III; (5) pangrojong basa nasional; jeung (6) pangrojong jeung pamekar kabudayaan daérah (Prawirasumantri, 1992:21).

Panalungtikan-panalungtikan anu geus dilaksanakeun ngeunaan dialék di antarana Adi Senjaya (000005) anu judulna *Basa Sunda Dialék Sukabumi Di Kacamatan Waluran*, Yanti Damayanti (010583) anu judulna *Basa Sunda Dialék*

Cisaat Sukabumi pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda Di SMP, Fitri Andriani (044894) anu judulna Géografi Dialék Basa Sunda Di Kacamatan Jampangkulon Kabupatén Sukabumi Pikeun Bahan Pangajaran Nyarita Di Kelas VII SMPN 1 Jampangkulon Taun Pangajaran 2007/2008.

Ieu panalungtikan dijudulan ku “*Géografi Dialék Basa Sunda Suradé di Kabupatén Sukabumi pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP*”. Ari ragam basa anu ditalungtikna nyaéta kabeungharan kecap (kandaga kecap) wewengkon anu satuluyna dijieun péta basana katut bahan pangajaranana.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Saluyu jeung kasang tukang di luhur pikeun leuwih museurkeun ieu panalungtikan, tempat panalungtikan téh diwatesanan ngan saukur nalungtik basa Sunda dialék Suradé di Kabupatén Sukabumi nu ngawengku istilah-istilah: (a) istilah pancakaki, (b) kecap gaganti jeung sesebutan, (c) kahirupan désa jeung masarakat, (d) bagéan awak, (e) imah jeung babagianana, (f) pakakas, (g) kadaharan jeung inuman, (h) panyakit, (i) pagawéan, (j) pakéan, (k) kaulinan, (l) tutuwuhan jeung bungbuahan, (m) sasatoan, (n) kaayaan jeung usum, (o) budi parangi, jeung (p) kecap pagawéan. Pangna panalungtik nangtukeun éta kecap-kecap di luhur ku sabab éta kecap-kecap dipaké dina kahirupan sapopoé di éta wewengkon.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah tadi, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kandaga kecap basa Sunda dialék naon waé nu aya di Suradé Kabupatén Sukabumi?
- b. Kumaha wangun kecap basa Sunda dialék Suradé Kabupatén Sukabumi?
- c. Kumaha ma'na kecap dasar kecap basa Sunda dialék Suradé Kabupatén Sukabumi?
- d. Kumaha sebaran péta wilayah géografi basa Sunda dialék Suradé Kabupatén Sukabumi?
- e. Kumaha kandaga kecap basa Sunda dialék Suradé di Kabupatén Sukabumi dina pangajaran maca di SMP?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum tujuan anu baris dihontal dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngainvéntaris jeung ngamumulé basa Sunda dialék anu aya di Kacamatan Suradé Kabupatén Sukabumi.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan hayang ngadeskripsikeun

- a. kandaga kecap basa Sunda dialék Suradé Kabupatén Sukabumi;

- b. wangun kecap basa Sunda dialék Suradé Kabupatén Sukabumi;
- c. ma'na dasar kecap basa Sunda dialék Suradé Kabupatén Sukabumi;
- d. péta wilayah sebaran géografi basa Sunda dialék Suradé Kabupatén Sukabumi; sarta
- e. bahan pangajaran maca kandaga kecap basa Sunda dialék Suradé Kabupatén Sukabumi.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis anu nyampak dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngeuyeuban tiori paélmuan katatabasaan jeung hasil panalungtikan nu geus aya anu aya hubunganana jeung pangajaran basa Sunda di SMP.

1.4.2 Mangpaat Praktis

- a. Pikeun panalungtik, pikeun ngeuyeuban kabeungharan kecap;
- b. Pikeun siswa, meunangkeun kabeungharan kecap jeung katatabasaan pikeun ningkatkeun kamampuh basa Sunda;
- c. Pikeun guru, bisa dijadikeun bahan tinimbangan para guru dina nyusun bahan pangajaran basa Sunda.

1.5 Wangenan Operasional

Sangkan leuwih jentré, dina ieu panalungtikan perlu ayana wangenan istilah anu aya patalina jeung judul panalungtikan, di antarana:

a. Géografi Dialék

Nyaéta cabang dialéktologi anu nalungtik ngeunaan hubungan anu aya di sajeroeun ragam basa, anu aya patalina jeung dipakéna basa anu ditalungtik dina panalungtikan sangkan bisa dibuktikeun.

b. Basa Sunda

Basa Sunda nyaéta basa indung urang Sunda anu dipaké ku masarakat Sunda boh anu aya di tatar Sunda boh anu aya di luareun tatar Sunda.

c. Kacamatan Suradé

Salah sahiji Kacamatan anu aya di Kabupatén Sukabumi.

d. Kabupatén Sukabumi

Salah sahiji Kabupatén anu aya di Provinsi Jawa Barat.

e. Bahan Pangajaran Maca

Bahan pangajaran maca nyaéta salah sahiji komponén tina sistem pangajaran anu Standar Kompeténsina ngeunaan maca.

f. SMP

SMP nyaéta jenjang atikan dasar, anu lilana tilu taun sanggeus namatkeun Sakola Dasar (SD).

1.6 Anggapan Dasar

Anggapan dasar nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta ieu di handap:

- 1) Basa Sunda dialék Sukabumi dipaké komunikasi masarakat di Kacamatan Suradé.
- 2) Basa Sunda mibanda kabeungharan kecap, boh dina ragam basa lisan boh dina ragam basa tulisan.
- 3) Ulikan dialék téh nyampak dina linguistik.

